

Pou Piblikasyon Imedya: 25/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA REVOLISYONÈ POU PWOTEJE DWA LGBTQ YO

Li Akonpli Pwomès pou Adopte GENDA epi Entèdi Terapi Konvèsyon yo nan 100 Premye Jou Sesyon Lejislatif lan

Li Fè Pati Pake Refòm Entèvansyon Gouvènè a pou Pwoteje Dwa LGBTQ yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen pou vin lwa jodi a Lwa Kont Diskriminasyon Ekspresyon Seksyèl lan (Gender Expression Non-Discrimination Act, GENDA) ak pwojè lwa ki ap entèdi pratik terapi konvèsyon an, sa ki vle di yon viktwa revolisyonè pou kominote LGBTQ an epi li akonpli pwomès Gouvènè a te fè pou siyen pwojè lwa sa a nan 100 premye jou sesyon lejislatif lan yo.

“Antan ke eta ki pi pwogresis nan nasyon an epi antan ke baz mouvman dwa LGBTQ modèn yo, New York te toujou sou devan sèn lan nan batay pou pwoteksyon total pou chak moun”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan siyen GENDA pou vin tounen lwa ak yon entèdiksyon pou pratik malonèt terapi konvèsyon an, nou ap franchi yon lòt pa annavan jeyan nan fè vanse jistis egal ego pou chak moun New York - kèlkeswa idantite seksyèl oswa oryantasyon seksyèl yo. Nou ap yon lòt fwa ankò voye yon mesaj klè epi ki fyè pou di ke pa gen plas pou layèn nan Eta nou an, epi nou pral jije responsab nenpòt moun ki angaje nan entolerans ak diskriminasyon.”

“Pèsòn pa ta dwe fè fas a diskriminasyon oswa vyolans akòz idantite seksyèl yo, espesyalman nan Eta ki se kote mouvman dwa LGBTQ yo te pran nesans”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Lwa Kont Diskriminasyon Ekspresyon Seksyèl lan pral finalman bay pwoteksyon nan lwa nou yo pou garanti dwa egal ego pou moun New York ki transeksyèl, ki pa konfòm a sèks yo epi ki pa gason oswa fanm yo. Nou ap selebre ak fyète divèsite nou ki fè nou se Empire State. Ak GENDA ak pwojè lwa ki ap entèdi terapi konvèsyon yo ki kounye a vin lwa eta a, nou vin yon pa pi pre pou asire jistis ak egalite pou tout moun.”

Asire Egalite apati GENDA

Pou kontiye ak pwoteksyon ak egalite pou kominote LGBTQ New York lan, adopsyon GENDA a entèdi patwon travay yo, enstitisyon edikatif yo, pwopriyete kay yo, bank kredi yo, ansanm ak lòt antite yo pou yo fè diskriminasyon kont moun sou baz idantite oswa ekspresyon seksyèl, epi komèt enfraksyon krim rayisab sou baz idantite oswa ekspresyon seksyèl anba Lwa Eta New York lan.

An 2015, Gouvènè a te adopte règleman ki te pwoteje tout moun ki transeksyèl yo nan kad Lwa Dwa Imen Eta yo (State's Human Rights Law), ki konfime pou ak tout patwon

travay piblik ak prive yo, founisè lojman yo, biznis, bank kredi yo ansanm ak lòt antite yo ke diskriminasyon kont moun ki transeksyèl yo ilegal, epi sila yo ki pa aplike lwa a yo pral jije responsab nan Eta New York.

Entèdi Terapi Konvèsyon

Pwofesyonèl sante mantal yo te rekonèt depi lontan ke terapi ki gen entansyon chanje oryantasyon seksyèl yon moun yo poze yon danje sou sante moun nan. Pwojè lwa ke yo te siyen jodi a entèdi pratik terapi konvèsyon an apati ekspansyon definisyon move kondwit pwofesyonèl pou pwofesyon ki gen lisans anba lwa sou edikasyon an pou enkli angajman nan terapi konvèsyon an ak yon pasyan ki gen laj mwens pase dizwit an.

An 2016, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) reglemantasyon ant divès ajans yo pou entèdi pratik terapi konvèsyon sou moun ki minè yo. Sou enstwiksyon Gouvènè a, Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services) te mete règleman ki ap anpeche konpayi asirans yo bay kouvèti asirans pou terapi konvèsyon yo pou moun ki gen laj mwens pase 18 an yo, Depatman Sante a (Department of Health) te entèdi yo bay kouvèti asirans pou pratik lan sou pwogram Medicaid New York lan, epi Biwo pou Sante Mantal la (Office of Mental Health) te limite etablisman ki anba jiridiksyon li yo pou yo pa itilize tretman an sou moun ki minè yo.

“Adopsyon GENDA a ak entèdiksyon sou pratik terapi konvèsyon yo se pa annavan majè pou kominote LGBTQ a, epi yo bay siyal ki montre ke Eta New York pare pou vin yon lidè pwogresif reyèl ki ap sipòte epi soutni moun New York ki transeksyèl, ki pa konfòm a sèks yo epi ki pa gason oswa fanm yo ansanm ak jèn moun nou yo”, **se sa Glenda Testone, Direktris Egzekitif Sant Kominotè LGBT Vil New York lan (NYC LGBT Community Center), te deklare.** “Nou ap selebre viktwa ke nou te bezwen depi lontan sa a, angajman Gouvènè Cuomo pran pou fè yo vin reyalyte ak aktivis san relach prensipalman ki te refize renonse pou fè New York vin yon eta ki pi enklizif malgre limit yo te parèt ensimontab. Viktwa sa yo montre sa ke nou ka fè lè nou rasanble ansanm nan sipòte youn lòt, ak sa ki posib sou wout ki devan nou”.

Lidè Minorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare, “Youn nan moman ki pi fyè mwen antan ke yon Senatè se te lè nou te adopte Lwa sou Egalite Maryaj lan (Marriage Equality Act). Men sa se te ywit ane de sa, epi depi lè sa a ansyen Majorite Repibliken Sena a te refize adopte nenpòt pwoteksyon reyèl pou kominote LGBTQ an. Kounye a, anba Majorite Demokratik lan, chanm Sena sa a ap deklare ke nou kanpe bò kote kominote LGBTQ nou an. Mwen felisite Senatè Hoylman poutèt lidèchip li sou dokiman lwa sa yo ak pwoblèm enpòtan sa a, epi mwen remèsye patnè mwen yo ki nan gouvènman an, Pòt Pawòl Heastie ansanm ak Gouvènè Cuomo, poutèt yo pouse pou ke dokiman lwa sa yo ka vin lwa rapidman. Mwen fyè dèske Majorite Sena a te adopte dokiman lwa istorik sa yo, epi nou pral kontinye vanse ak kalandriye anbisyè, pwogresis nou yo”.

Pòtpawòl Asanble a Carl Heastie te di, “Pandan plizyè ane, Majorite Asanble a te adopte GENDA ak pwojè lwa pou entèdi terapi konvèsyon paske nou konnen ke chak moun New York merite ke yo trete yo ak diyite ak respè. Ak nouvo patnè demokratik nou yo ki nan Sena Eta a, nou ekstrèmman rekonesan dèske mezi enpòtan sa yo pral vin lwa kounye a. Mwen ta renmen tou bay yon remèsiman espesyal pou Manm

Asanble Dick Gottfried ak Deborah Glick ansanm ak pakèt manm Majorite Asanble a poutèt devouman san relach yo nan pwoblèm krisyal sa yo”.

Manm Asanble Deborah J. Glick te deklare, “Se yon gwo viktwa pou nou wè yo siyen dokiman pivotal sa yo jodi a. GENDA pral asire ke dwa sivil Eta New York ak lwa sou krim rayisab yo enkli pwoteksyon pou kominote moun ki transeksyèl epi ki pa konfòm a sèks yo ki te sibi anpil diskriminasyon an Amerik pandan plizyè ane. An plis, entèdiksyon sou sa yo rele Terapi Konvèsyon an pral rann ilegal pratik ke yo diskredite anpil lan kote yo fè moun minè yo sijè a pwosesis destwiktif pou eseye chanje seksyalite oswa ekspresyon seksyèl yo ki pa ka chanje nan eta sa a. Kò Lejislatif Eta New York lan ansanm ak Gouvènè a te akonpli yon objektif klè nan pote jistis pou anpil moun New York ki te sibi domaj akòz yon mank pwoteksyon sa yo, epi li pral asire ke jenerasyon ki gen pou vini yo pwoteje. Mwen kontan anpil pou mwen wè dokiman lwa sa yo, ke anpil moun defann epi ke mwen ak kòlèg mwen yo te travay pandan plizyè ane pou adopte, finalman siyen pou vin lwa”.

Senatè Brad Hoylman te di, “Se yon nouvo jou nan Albany. Apre ywit an kote Sena a te bloke nenpòt pwojè lwa ki espesifik pou LGBTQ yo, jodi a Gouvènè Cuomo siyen pou vin lwa de dokiman lwa revolisyonè pou pwoteje dwa moun New York ki transeksyèl epi ki pa konfòm a sèks yo, epi anpeche ke timoun nou yo sijè a pratik barbarik ke yo rele ‘terapi konvèsyon an’. Pandan ke Administrasyon Trump lan kontinye anile pwoteksyon pou Ameriken ki LGBTQ yo, viktwa jodi a voye yon mesaj fò bay moun LGBTQ yo ki toupatou nan Eta New York: pwoteksyon dwa sivil ou yo gen tout fòs ak efè lalwa. Mwen pwofondeman rekonesan anvè Gouvènè Andrew Cuomo poutèt sipò istorik ak inebranlab li pou moun New York LGBTQ yo, epi mwen fyè pou mwen fè pati yon Majorite Demokratik ki ap travay ansanm ak Gouvènè a pou pwoteje dwa tout moun New York yo sou lidèchip Andrea Stewart-Cousins. Mwen sensèman rekonesan tou anvè kòlèg mwen yo ki nan Asanble a, Deborah Glick ak Richard Gottfried, poutèt pèsistans ak detèminasyon yo pandan plizyè ane, ansanm ak Senatè Michael Gianaris ak ansyen Senatè Tom Duane ak Daniel Squadron”.

Manm Asanble Richard N. Gottfried, Entwodiktè Nan Asanble a ak Sipòtè Inisyal pou GENDA, te deklare, “Jodi a se yon jou istorik. Gouvènè Cuomo te pran gwo mezi an 2015 lè li te mete règleman atravè eta a nan kad Lwa Dwa Imen Eta yo ki te entèdi diskriminasyon sou baz idantite seksyèl ak sityasyon moun ki transeksyèl yo. Men ajou ekspresyon ak idantite seksyèl nan Lwa Dwa Imen yo ak Lwa Penal lan sa pral gen rekonesans ki apwopriye, pwoteksyon kont anilasyon règleman sa yo, epi ajoute pwoteksyon anba Lwa sou Krim Rayisab Eta yo (State's Hate Crimes Law). Ak yon administrasyon fawouchè ki nan Washington, New York ap leve kanpe pou bon sans, ekite, ak jistis”.

Pandan administrasyon li, Gouvènè Cuomo te defann dwa LGBTQ yo epi li te dirije New York pandan ke li te adopte pwojè lwa revolisyonè ki ap pwoteje kominote LGBTQ an. An 2011, Gouvènè a te adopte Lwa sou Egalite Maryaj istorik lan, ki ap kreye yon nouvo estanda nasyonal epi voye mesaj pou di ke inegalite fondamantal sa a dwe fini.

Pi resamman, an antisipasyon anilasyon potansyèl pwovizyon ki nan Lwa sou Swen Abòdab lan (Affordable Care Act) yo, Gouvènè Cuomo [te pase](#) Depatman Sante an enstwiksyon pou mete règleman ki ap entèdi founisè swen sante yo fè diskriminasyon

kont pasyan ki transeksyèl yo, epi li te pase Depatman Sèvis Finansye a enstwiksyon pou mete règleman ki ap elaji pwoteksyon kont diskriminasyon yo pou moun ki transeksyèl yo lè yo ap aksede a asirans sante. Enstwiksyon sa yo te rive an repons dirèk kont pwopozisyon Administrasyon Trump lan pou anile yon règleman federal ki klarifye ke pwoteksyon non-diskriminatwa nan Lwa sou Swen Abòdab lan ki baze sou sèks yo gen ladan yo tou pwoteksyon ki baze sou idantite seksyèl. Nan retire pwoteksyon sa yo, anviwon 90,300 moun New York ki transeksyèl ta pral ekspoze a diskriminasyon ki enjis, flagran epi ilegal.

An repons dirèk a anilasyon gouvènman federal yo pou pwoteksyon federal yo pou etidyan ki transeksyèl yo an 2017, Gouvènè a te pase Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department) pou fè soti yon enstwiksyon pou distrik eskolè yo ki ap ranfòse pwoteksyon kont diskriminasyon ak asèlman ke etidyan ki transeksyèl yo te sibi anba Lwa Eta New York lan.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)